Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 50 (7346)
6 декабрь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ГIиса НурмухIамадов: «Налогал заманалда ракIаризе ккола»



Дагъал церегIан къоязда районалъул бетIерасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана совещание. Гьенир гIахьаллъана: районалъул бетIерасул зам. Сиражудин АрулмухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. Казим Асадулаев, экономикаялъул ва инвестициялъулгун предпринимательствалъул отделалъул нач. Муслим ГIадуев, гьебго отделалъул бетIерав специалист ХIажимурад МаллахIусейнов, культураялъул отделалъул нач. ГIали ГIабдулаев, Дагъистаналъул районазда гьоркьосеб № I0 налогазул хъулухъалъун начальник ХIажи ХIажиев, районазда гьоркьосеб ОСП отделалъул Унсоколо ва Гумбет районазда гьоркьосеб УФССПялъул начальник АхIмад ДахIадаев ва цогидалги.

Данделъиялда аслияб суаллъун букIана налогал ракIари.

Совещание рагьулаго районалъул бетIерас тIадчIей гьабуна заманалда налогал ракIариялъул бугеб кIваралда. «Жакъа бильанхъизабулеб бугеб законодательствалда налогал кьезе ккола жиндир заманалда». Гьединаб букIана бетIерасул тIалаб. Щивав пачалихъияб органазул вакиласул хIаракатчилъиялда ва бажариялда бараб буго районалда хIасил кьолеб хIалтIи букIинаби, налогал ракIариялъулин абуни цIакъго цIикIкIараб кIвар буго гIадамазул гIумро лъикIлъизабиялъе.

КIалъазе вахъарав районазда гьоркьосеб № I0 федералияб налогазул инспекциялъул начальник ХIажи ХIажиевас гIахьаллъаразул лъайхъвай гьабуна гьабсагIаталда налогал ракIариялъул бугеб ахIвал-хIалалъулгун. Гьеб гуребги ХIажи ХIажиевас лъикIаблъун бихьизабуна щибаб азбаралде щун налогал ракIариялъул практика х1алт1изабуни гьеб пайда ва хIасил кьолеблъун букIинилан.

Россиялъул Дагъистаналда бугеб УФССПялъул Унсоколо ва Гумбет районазул ОСПялъул начальник АхIмад Дахадаевасги цере лъуна гIемерал рихьизариял.

Совещаниялда гьединго тIадчIей гьабуна страховиял взносазда. ХIажиевас бихьизабуна цо-цо бюджеталъул хIалтIухъабазда хадуб гьединаб налъи бугиланги. Районалъул бетIерас иш тIаде кколезда тIадкъана гьединазухъа налог бакIари кьокъаб заманалда рагIалде бахъинабизе.

БетIерас гIахьаллъаразе баркала кьеялда лъугIана совещание.

## ТIаде къабул гьаруна



I декабралда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда бук1ана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовас гражданал тIаде къабул гьари. Тадбиралда гьединго гIахьаллъана «Единая Россия» партиялъул бакIалъулаб исполкомалъул нухмалъулей Барият КIудиеваги.

БатIи-батIиял суалалгун гьеб къоялъ тIаде къабул гьаруна I5 чи. ГIадамазул рукIана батIи-батIиял суалал ва гьел киналго хъатIулаан жидедаго дандчIвалел захIмалъабазда.

ГьаракIуни росулъа Абакаров ШагIбанил гьари букIана 20I4 соналда ччукIун иналъул хIасилалда жанир чIолел рукъзабазе жагъаллъи ккун букIин. Гьес гьарулеб букIана гьелда хрхун жиндие кумек гьабе,-ян.

Депутатасул рагIабазда рекъон Унсоколо ва ГьаракIуни росабалъ ракь ччукIун иналъул суал босун буго Федералияб ва республикаялъул программабазде, цебеккун гьеб гьедин букIинчIо, гьеб суал тIубазабулеб буго. Гьелда хадуб хал кколеб буго районалъул администрациялъ, амма росабазул администрациябазул бутIрузги кумек гьабизе ккола киналго къваригIунел документал ракIаризе ва рукIалиде ккезаризе,-ян абуна депутатас.

Цо-цо гIадамазул гьоркьор лъурал суалалазухъ гIенеккизе вачIун вукIана Шамильхъала поселокалъул бетIер М. ХIажиевги.

Гьединго депутатасухъе вачIун вукIана ГIашилтIа росдал бетIер ХI. МухIамадов. Гьесул гьари букIана росу бахун къватIибехун бугеб 5000 куб. метр лъел жанибе унеб резервуаралъе ремонт гьабизе кумек гьабе,-ян.

Киналго тIаде къабул гьаруразухъ М. МухIамадов лъикI гIенекккана ва щивасе чIванкъотIарал жавабал кьуна. Щивниги хутIичIо къабул гьавичIого ва гIенеккичIого. -Халат бахъараб заманаялъ тIуразаризе кколел суалал мухIканго лъазаризе руго ва хIаракат бахъизе буго тIуразаризе,-ян абуна М. МухIамадовас.

## Нахъеги налогазул хIакъалъулъ



3 декабралда районалъул администрациялъул конференц-залалда тIобитIана иргадулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана: райадминистрациялъул бетIер ГIиса НурмухIамадов, гьеб заманалда бетIерасул тIадал ишал тIуралев Сиражудин АрулмухIамадов, заместитель МухIамад ХIамзатов, районалъул депутатазул Советалъул пред. Казим Асадулаев, экономикаялъул, инвестициялъулгун предпринимательствалъул отделалъул нач. Муслим ГIадуев, экономикияб отделалъул бетIерав специалист ХIажимурад МаллахIусейнов, районазда гьоркьосеб федералияб налогазул хъулухъалъул РДялъул № I0 инспекциялъул начальникасул зам. Раджаб ГIусманов, ХIайбула ХIайбулаев, МухIамад МухIамадгIалиев, лъай кьеялъул отделалъул нач. Лабазан МухIамадгIалиев, росабазул бутIрул, школазул директорал ва цогидалги.

Совещание рагьана ва цере лъурал суалазул бицана ГI. НурмухIамадовас. Аслияб суаллъун гьениб букIана налогал ракIари.

«Нилъеда киназдаго лъала ракьулгун буголъиялъул налогал ракIариялъул заман ахиралде щолеб букIин, амма план жеги тIубан гьечIо»,-ян абуна бетIерас. Бицана щибаб росулъ план тIубазабиялда хурхун бугеб ахIвал-хIал. Гьезда гьоркьор рукIана Балахьуни, ГьаракIуни, Майданское ва Унсоколо план тIубазабичIел росаби. ТIадкъана бугеб ахIвал-хIал гьаб анкьил ахиралде рукIалиде ккезабизе.

Гьединго муниципалитеталъул бетIерас тIадчIей гьабуна араб совещания тIобитIаралдаса нахъе гIицIго 6 проценталъ гурони план тIубай тIаде цIикIкIун гьечIилан, бихьизабуна гьеб хIалтIи хехлъизабизе кколиланги.

Хадусеб суаллъун совещаниялда букIана цере арал ва гьанже ругел налъаби лъай кьеялъул учреждениязда рецIизе ккеялъул ва социалиял взносазул хIакъалъулъ. КIалъазе рахъараз бицана штрафалги пеняги бачIинчIого букIине ккани, налъаби заманалда кьезе ккеялъул.

Налогазул инспекциялъул хIалтIухъабаз гIахьаллъаразда бицана налогал ракIариялда жакъа къоялда бугеб ахIвал-хIалалъул. Баян гьабуна щивав хъулухъчиясул ва учреждениял-организациязул списокал хIадурун ругин, гьезда кьезе кколел налогазул мухIаканаб къадарги бихьизабун бугин.

Районалъул бетIерас иш тIаде кколел гIадамазда лъазабуна бугеб ахIвал-хIал жидерго жавабчилъиялде босе ва хIалтIи унеб бугеб куцалда хадуб хъаравуллъи букIинабе,-ян.

Ахиралда ГIиса НурмухIамадовас совещаниялда гIахьаллъаразе баркала кьуна.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 50 (7346)*

*6 декабрь 2018 сон*



Дунялалдаго инвалидазул къадар къойидаса-къойиде цIикIкIунеб буго. Статистикаялъул баяназда рекъон дунялалда I млрд. цIикIкIун инвалидал руго. Гьездасан нусго млн. ккола лъимал-инвалидал.

Россиялда гIумро гьабулеб буго I3 млн. инвалидас.

20II соналда Россиялда къабул гьабуна «Доступная среда» программа. Гьеб заманалда рагъана ва данде кколеб оборудованияздалъун хьезаруна анцI аза-азар инвалидасе хIалтIулел бакIал



# РахIмуялъул акция



«Лъимал чияр рукIунаро» - гьединаб ахIиялда гъоркь ана 2 декабралда районалда киналго росабалъ бесдал лъималазе кумек гьабизе ахIараб рахIмуялъул акция. Гьеб акция гIуцIараллъун цере рахъана, щалали балъго тезе бокьарал. Гьеб тадбиралде гIахьаллъулаго гьелгун цолъана ва бажарараб кумек гIарцудалъун ва цогидалдалъунги гьабуна районалъул администрациялъ, «Единая Россия» партиялъул бакIалъулаб исполкомалъ, гьединго «Союз женщин Унцукульского района» жамгIияб организациялъ.

Тадбиралъул программаялда рукIана: Шамильхъала поселокалъул клубалда мульфильмабазухъ балагьи, рекIелгьеялъул программа, кафеялде рачун квана-гьекъей, культуриябгун тарихияб комплекс «Ахулго», мемориалияб бащнялде экскурсия гьаби, ГIашилтIа росдал тарихалъулгун лъай-хъвай гьаби. Тадбир лъугIидал киналго лъималазе кьуна гIарцул ва ракIалде щвеялъул сайгъатал.

Акциялъул аслияб гIилла ва магIна букIана къисматалъ эбел-инсул хIеренлъиялдаса махIрум гьаруразе дагьаб букIаниги талихI кьей, гьел рохизари, дунялалда гурхIел-рахIмуги камулареблъи гьезда бичIчIизаби.

Тадбир гIуцIаразул хьул буго жидер пишаялдасан цогидазги мисал босилин ва хадубккунги гьелъул цебетIей букIинин.

# Районалъул бетIер-Шамильхъалаялъул паркалда



«Формирование комфортной городской среды» приоритетнияб проект гIумроялде бахъинабиялъе Федералияб Централъ нилъер районалъе бихьизабун букIана 5,I млн. гъурущ. Программа хIисаб гьабун буго 20I8-2022 саназе. Районалда гьеб программаялде гьоркьобе ккана 8 росабазул муниципалиял гIуцIаби ва 33 объект.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, отпускаялда вукIаниги гьал къоязда щвана проектазда гьоркьобе ккараб Шамильхъалаялъул паркалда хIалтIи унеб бугеб куцалъул хал гьабизе. ГьабсагIатада унел руго гьеб паркалъе реконструкция гьаби. ГI. НурмухIамадовасе лъазе бокьун букIана гьеб проект гIумроялде бахъинабиялъе киналго шартIал ругищ, хадуб гьезабун бугищ хIалтIаби гьаризе къваригIунебщинабали.

Жидерго иргаялда хIалтIухъабаз бицана цебе лъураб масъала 40 проценталъ тIубазабун бугин ва бихьизабураб заманалде парк гIадамазе хъулухъалъе кьезе бугин.

# Дунял киназего цо буго

## (Инвалидазул къоялде)

I992 соналъул 3 декабрь ООНалъул Генералияб Ассамблеялъ лъазабуна инвалидазул къолъун. Гьелъие гIилла букIана инвалидазул гIумроялъулъ дандчIвалел киналго захIмалъаби къвинари ва гьезул ихтиярал цIуни.

Дунялалда руго гIага-шагарго I миллиард инвалид (дунялалъулго гIадамазул I5 %). ГьединлЪидал 3 декабралъ инвалидазул Къо кIодо гьаби буссараб буго гьезул киналго захIмалъаби лъугIизариялде, гьезул ихтиярал цIуни, гьел общественнияб, политикиябгун социалиял, культурияб гIумроялъулъ гIахьал гьари.

Щибаб соналъул 3 декабралда социалияб хъулухъ гьабиялъул Комплекснияб Централда кIодо гьабула инвалидазул Къо. Учреждениялъул хIалтIухъабаз рикIкIуна гьеб къоялъ гьезде кколезе кумек гьаби тIадаб борчлъун. Социалиял хIалтIухъабаз рикIкIуна гьеб къоялъ гуребги щибаб къоялъ гьезие хъулухъ гьаби жидедаго тIадаб ишлъун.

Нилъер районалда социалиял хIалтIухъабаз гIемер тIоритIула херазе ва инвалидазе батIи-батIиял тадбирал, лъазарула гьезул захIмалъаби, сунде гьел ккун ругелали, гьабула медициналъулгун материалияб кумек. Гьелъие гьел мустахIикъалги руго, щайгурелъул дагьаб гIакъуба гуро гьезда бихьараб совхозаздагун колхозазда, ахакьгун хурзабахъ, фермабазда ва цогидалъур хIалтIулаго.

ЗахIмат букIуна цебечIезабизе кин бугеб гьезие – тIабигIаталъ яги цо кинаб букIаниги гIиллаялдалъун сахлъиялдаса ратIалъаразул ахIвал-хIалалда гIумро гьабизеяли. ГIажизал ругониги гьел нахъе ккун чIоларо общественнияб гIумроялда, хьул къотIуларо сахлъи тIад буссиналдаса.

КигIан бокьичIониги гIумроялъул нухда дандчIвалел руго гьезда батIи-батIиял захIмалъаби, кидаго гуро гьезда бажарулеб кумек гьечIого гьел къвинаризеги.

Халкъазда гьоркьосеб инвалидазул Къо чIезабун буго гьел тIадчагIазда ракIалде щвезариялъе, гьезул проблемабаздехун гьел жавабчилъигун ралагьиялъе, кинаб букIаниги кумек гьезие гьабиялъе. Гьезие къваригIуна гIицIго медициналъул кумек гуребги, гьединго гIададияб бербалагьиги, гьел ричIчIиги.

Нилъер цIалдохъаби

# Баркула бергьенлъи!



28 ноябралда МахIачхъалаялъул «Дом Дружбаялда» тIобитIана республикаялъул «Права человека глазами ребенка»,- абураб конкурсалъул финал.

Конкурсалъул мурад букIана: цIалдохъабазулъ хIаракатаб гражданлъиялъулаб позиция куцай, жидерго ихтиярал цIуни лъикI лъай, гьеб гIумроялда хIалтIизаби щула гьаби.

Тадбиралда жюриялъул членаллъун рукIана: Дагъистан Республикаялъул Рищиязул комиссиялъул пред. М. Дибиров, республикаялъул общественнияб палатаялъул пред. А . Мачаев, республикаялъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул министр К. СагIидов, Дагъистаналъул БетIерасул - хъизан, улбул ва лъималазул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ уполномоченнияй М. Ежова, лъай кьеялъулгун гIелмуялъул министерствалъул председатель ва начальникъияб юридикияб институталда цебе гIуцIараб «Юный юрист» школалъул нухмалъулей Э Жамалова.

Конкурс унеб букIана лъабго этапалда ва лъабго батIиял гIелазда гьоркьоб: 5-7, 8-9, ва I0-II классазда. Гьенир гIахьаллъулел рукIана I0 шагьараздаса ва 35 районаздаса 230 цIалдохъан.

Жюриялъул балагьиялде босун букIана лъикIаллъун рикIкIарал гIицIго I4 хIалтIи. Конкурсалъул аслиял темабилъун рукIана РФялъул Конституциялъ 25 сон тIубаялда, гражданазул ихтиярал цIуниялъул декларация гIуцIаралдаса 70 сон тIубаялда, эбел-эмен гьечIого хутIарал лъималазул ихтиярал цIуниялда, гIажизазул ихтиярал цIуниялда, дин гьабулезул ихтияр цIуниялда, миллияб культураялдехун хIурматгун балагьиялда, ВатIан бокьиялъул рухIалда гIолилазе жало лъикIал лъугьун кумек гьабиялда ва рищиязул ихтиярал цIуниялда бухьараб.

Роххизе ккараб жо буго гьеб конкурсалда нилъер ракьцояв, Унсоколо № I гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ГIабдулхаликъ ХIайбулаев финалалде ворчIи ва мустахIикъаб лъабабилеб бакI ккви.

Конкурсазда бергьаразе кьуна I, II ва III даражаялъул дипломал ва гIарцулал сайгъатал.

Баркула ГIабдулхаликъида бергьенлъи! Биччанте гьеб бергьенлъи букIине ВатIаналъе гIоло гьабулеб лъикIаб ишалъул байбихьилъун.

# Заместителал нахъе ана

Дагъистаналъул премьер министрас тIадал ишаздаса эркен гьаруна республикаялъул кIиго министерствабазул заместителал. Гьел ккола экономикаялъул ва хадубккунисеб церетIеялъул министрасул зам. М. Меджидов ва природниял ресурсазул ва экологиялъул министрасул зам. А. Сайпулаев.

Гьез жидецаго гIарзаби кьуна нахъе ине.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 50 (7346)
Хамиз
6 декабрь 2018 сон



Абу ГьурайратIидасан бачIараб хIадисалда Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго: «Нужеца киназго гIедегIил гьабе гьарурал мунагьаздаса тIаса лъугьа,-ян БетIергьанасда гьаризе, нуж Аллагьасде русса ракI бекараб гьаригун, хвел иманалда кьейин, тавбу къабул гьабейин, иманалда тIаде рахьинеги гьарейин»

*Дин ва гIумро*

# Ришват

ТIадегIанав Аллагьас халкъалда гьоркьоб гIадлу чIезабун буго мискъалу заррагIанисеб зулмуги гьабичIого. Халкъ бижун хадуб, халкъалъе пайдаялъе. Аллагьас баян гьабуна хIалалаб ва хIарамаб амраби. ХIалалаб гьабиялдалъун букIунеб пайда ва кири, хIарамаб гьабиялдалъун букIунеб зарал ва хIакъги баян гьабун буго. Гьеб Аллагьасул баян нилъехъе щвезе гьабуна хирияв МухIаммад аварагас (с. т. г1. в.). Гьес малъана нилъеда Аллагь разилъулеб нух ва Аллагьасул ццим бахъунеб гIамал, жеги васияталги гьаруна гьел малъа-хъваял ккве,-ян абун.

Дагъистаналъул халкъалъухъ балагьараб мехалъ, ришваталъулъ гIахьаллъи гьабуларел цо гIадангIаги вугода,-ян ккараб хIал буго. Жакъа кьоялъ нилъер ВатIаналда абизе бегьула кинабго иш ришваталде буссун бугин ва ришваталдалъун гурого инсан мурадазде щолев гьечIин. Лъимер гьабизе чIужугIадан хIукуматалъул больницалде егизе ккани кьезе ккола гIарац, кьечIони щай кьечIебин абуларо, амма мекъаб бербалагьи ва кIвараб квал-квал гьабула, кьунгIаги букIарабанищан ракIалде ккезе гьабула. Инсанасе хъулухъ щвеялъе кьезе ккола гIарац, гьесул гIакъло – лъай хал гьабуларо...

Гьединал мисалал нус-нус руго. БитIараб буго ахирзаманаялъ халкъалда гьоркьоб тIибитIун буго Исламияб уммат хвезабулеб, халкъалда гьоркьоб питнаби гIемерлъизе гьарулеб ва инсан чIаго гьалаг гьавулеб квешаб унти. Гьеб унтиялъул балагь ва гьелъухъ инсанасе букIунеб гIазаб ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда ва Хирияв Аварагас жиндирго хIадисазда нилъее баян гьарун руго.

Гьеб унти ккола РИШВАТ (ВЗЯТКА). Гьелдаса цIунизе ккани нилъеда лъазе ккола ришваталдалъун инсанасе щолеб зарал ва мунагь. Гьединго лъазе ккола ришватазул чанго батIи-батIияб тайпаби рукIин ва лъазе ккола гьелдаса цIунулеб къагIидаги. ТIадегIанав Аллагьас инсанасда аманатлъун гьарун чанго ишал тIад къан руго, нужеца гьезул тIалаб агъаз гьабеян, мисалалъе, лъимал гIадал, руччаби гIадал. Гьединго ТIадегIанав Аллагьас нилъехъе аманатлъун кьун буго нилъехъе кодоб щвараб боцIи-мал, гIарац. Ва амру гьабун буго гьеб гIадада хвезе гьабугеян.

БоцIи, гьеб буго Аллагьасул боцIи, гьеб кодоб щварав инсан гьелъул ханлъун кколаро, гьелъул ханлъун гьев кколев вукIаравани, КАМАЗал цIураб гIарацги нахъа тун инсан хвелароан, яги туснахъалъув инароан. ГIумруялъул тарихалъулъ нилъее гьединал мисалал дагьал гьечIо. Ва гьелдалъун нилъеда цойги нухалъ бичIула кинабниги боцIи Аллагьасул боцIи букIин.

Аллагь бетIергьанаб боцIи хIалтIизабиялъе буго цо гьитIинаб мисал, дуда абуни дур кIудияв вацас, дун сапаралдаса вачIиналде гьаб гIарацалда гьадинаб тIагIел босеян, цинги дуца гьеб дуего бокьухъе хвезе гьабуни, мун щив чи кколев? Гьединаб мисал буго, Аллагьас инсанасухъе кьураб боцIиялда хурхун. Гьелъ инсанасда рекъоларо ханасул боцIи жиндиего бокьухъе хвезе гьабизе. Гьединлъидал Аллагьас баян гьабун буго нилъее, кинан инсанас боцIи тIалаб гьабизе кколеб ва гьединго кинан гьеб боцIи харж гьабизе кколебин,- абун.

Инсанас боцIи тIалаб гьабизе бегьулел ва бегьуларел нухал гIемерал руго. Бегьуларел, исламалъ хIарам гьарурал нухаздасан ккола, инсанасухъа боцIи бахъи, бикъи, гукки, гьересиял хъвай-хъвагIай гьари, риба, цойгидасул хIакъ цIуничIого гъосул дармиде тIаде вахьин.

Гьел баяназулъ руго ришват хIарам гьабун букIин. Ришваталъул магIна ккола - инсанас, живго мустахIикълъулареб мурадалде щвеялъе гIоло щиб букIаниги пиша гьаби.

Мисалалъе мун мустахIикъав гьечIо пуланаб хъулухъалъе, яги пуланаб къиматалъе, цинги дуца ришват кьолеб буго ва дуе хъулухъ яги лъикIаб къимат щолеб буго. Гьев кIиявго ккола, Аллагьас нагIана кьураздасан. Гьедин баян гьабун буго



Аварагасул (с. т. г1. в.) хIадисазда. «Аллагьасул нагIана буго ришват босарасеги кьурасеги». Гьединго ришваталъул тайпабаздасан ккола, инсанас щиб букIаниги жо кьолеб буго, гьев мустахIикъаб гIадлуялдаса цIуниялъе гIоло. Гьелъие жиндирго машинаялда рекIун унев шоферасул гьитIинаб мисал буго. Шоферасда лъала нухлул гIадлу хвезе гьабун скорость цIикIкIине гьабидал яги линия бахиндал гьесие законалъ гIадлу гьабулеблъи ва гIадлу щвечIого букIиналъе гьес кьола ришват. ХIатта нухлул къанун хвезе гьабулеб букIаго, гьесда ракIалда ккун букIуна жиндиего мустахIикъаб гIадлу гьабизегIан жинца взятка кьелин абун, гуребани гьес гIадлоги хвезе гьабилароан. Гьанже пикро гьабе, мунагь гьабизегIанго гьасул ният буго Аллагьасул ццим бахъунеб гIамал гьабизе, ва гьеб ниятали аварияги ккун хвезеги бегьула. Гьединав чи ккола, жиндаго лъан, бокьун, тIасаги бищун, ургъунго Аллагьасде данде вахъарав чи. Ришваталда хурхун баян гьабулеб буго Аллагьас Къуръаналда магIна; «Нужеца нужерго гьоркьоб, батIулаб къагIидаялъ боцIи кванаге» - ян. Жеги Хирияб Къуръаналда Аллагьас жугьутIал какулел руго ришватал кваналел гIадамал ругин гьелин абун. Гьезда релъаралльун лъугьуна нилъги взяткаби росулел ва кьолел ругони. Гьелъул магIна ккола, гьел къосараб къавм гIадин хола, гьелгун къиямасеб къоялъ тIадеги рахьине гьарула ва гьезда цадахъ жужахIалъуреги рехула - ян абураб. Гьелъ бусурбабаца ришват босизе бегьуларо, кьезеги бегьуларо, кьолеб мехалъ гьоркьохъанлъи хIалтIизе гьабун нугIлъигицин гьабизе бегьуларо. ГIалимзабазул цо кIал рекъон буго ришваталъул кинабниги къагIида хIарам букIиналда. Гьелъие тIоритIел гьабулеб буго Аварагасул (с. т. г1. в.) хIадисалъ: «Аллагьасул нагIана буго ришват босарасеги кьурасеги». Гьелъул магIна ккола гьесда гьаб дунялалда ва метер ахираталдаги Аллагьасул гурхIел щвезе гьечIин ва гьев Аллагьасул рагьдухъа вачахъарав, рикIкIалъарав чи кколин абураб. Ва гьеб нагIанаги кьоларо бищун кIудияб мунагьалъе гурого.

Гьединго гьаб нилъер гIасру лъугьун буго ришват кьун гурого мурадалде инсан щолареблъун, гьелъул магIнаги буго нилъер гIадамазул гIемерисел гьалаглъиялда ругин абураб. Гьелъ нилъер улкаялда къанагIатги хIажат тIубаларо лъабго амруялдалъун гурого. Мисалалъе, больница яги школа яги органал яги ВУЗал кибехун хIажат батаниги лъабго амруялъул цоябниги гьечIони, нилъер халкъ мурадалде щолеб гьечIо.

Лъай-хъвай бугев, авторитетный, чи - цо. Киса цIураб гIарац - кIиго. Яги лъабабилеб, живго вукIине ккола къадро бугев чилъун.

Больницаялда холев чиясухъ балагьулев гьечIо, врачасда гьесулгун бухьен бугев чи кIалъазе гьавичIони, яги гIарцул цIар бахъичIони. Гьединго чанго роддом буго, уколалги гьарун эбелалъе лъимер гьабизе толаро ришват кьезегIан, яги цойгидаб квал-квал гьабула. Гьеб унтиялъ унтун буго халкъ, гIарцул мацI гурого лъалеб гьечIо. ХIатта, гIорхъадаса ун, гIемер гьеб мунагь гьабиялъ, гьеб ришват кьей гIадатияб жолъун лъугьун буго. Мисалалъе цо чиясда абуни - цо дагьа-макъаб жо баккизе гьабизе ккана - ян абун, гьесие жаваб кьола - лъикIин гьедин мурад тIубараб, дицаги гьедин гьабизе ккела, - ян. Гьедин гьеб ришваталъул мунагь тIибитIун буго. Амма гьевго чиясда абуни - дица дагьа-макъаб мехтел гьекъана – ян, гьес абизе буго инкарги гьабун - мун гIабдаллъунищ? гьеб шаргIалъ гьукъараб хIарамаб пиша буго – ян. ГIемер ришватал росун ругьунлъиялъ цо-цо гIадамал гьеб хIалал гьабиялъе рагIабицин абизе лъугьуна. Гьеб буго Аллагь кIоченалъе бугеб хIикмат, хIатта бусурманчи купруялде вачине рес бугел рагIаби. Ришваталъул бищун кIудияб ва бищун заралияб сураталдасан ккола хIакимас хIукму гьабулаго, яги судияс суд гьабулаго, яги дибирас шаргI кьотIулаго, яги цо чияс кIигоязда гьоркьоб хIукму гьабулаго, бихьизабураб къанунги тIубачIого гьезул цоязде цIай гьаби. Бокьани гIарцуе гIоло цIайи гьабе, яги гIагарав чи вукIун цIайи гьабе, яги лъалев чи вукIун цIайи гьабе, батIалъи гьечIо гьеб кинабго ккола хIарамаб ришват. Ришваталъул цойгидаб сураталдасан ккола; инсанас боцIи харж гьабулеб буго жиндирго хъулухъ цIикIкIиналъе яги повышениялъе гIоло. Мисалалъе нилъеда киназдаго лъалеб иш буго цо чи сельсоветлъун яги депутатлъун вахъине гьаркьие лъола ва гьес харж гьабула гIемераб гIарац жиндего цIайи гьабизе букIиналъе гIоло. Гьеби ккола исламалъ гьукъараб пиша. ХIарамлъиялда байбихьараб хъулухъ баракаталде сверуларо, хIарамлъиялда тIад бачIараб боцIиги хIарамаб букIуна, хIатта гьенисан гьесие щвараб мустахIикъаб харжгицин, гьелда хьихьарал гьесул лъималазул гьанги жужахIалъул цIаялъ бухIун гурого тIасаги унаро. Гьев мустахIикъав вукIаравани гьев хъулухъалъ гьеб хъулухъалде ахIизе вукIана ва Аллагьасги гьев ришватал кьечIониги гьеб хъулухъалде вачине вукIана. Ришват кьун гурого вищуларев хIакимасул халкъалъе щиб пайда букIунеб?!

**ХIабиб-хIажи ГIИСАЕВ**
**Шамилхъала поселок.**

# Рузман къоялъул азкарал

Суннатаб буго рузман къоялъ ва сордоялъ Къуръан цIализе, зикру-дугIа гьабизе ва аварагасде (с. т. гI. в.) свалат битIи гIемер гьабизе.

Муслимица, Бухарияс Абу Гьарайратидасан рицарал хIадисазда абулеб буго: «Рузман къоялда жаниб буго цо сагIат, ай заман, жинда жаниб лагъас Аллагьасда гьарулеб бугони, щаклъи гьечIого гьесул гьари Аллагьас тIубазабулеб».

Гьеб дугIа къабулаб заман мухIканго баян гьабун гьечIелъул тIубараб къоялъго жигар бахъизе ккола. ГIемерисез абулеб буго гьеб заман рузман къоялъул бакъанил какдаса хадуб бугилан ва цо хIадисги буго гьеб заман имам вагIза гьабизе лъугьаралдаса рузманалъул как бан лъугIизегIан бугилан.

Рузман къоялъ ва сордоялъ Аварагасе (с. т. гI. в.) свалат гIемер битIейилан гьединго суратул «Кагьф» цIалеян рачIарал кьучIал хIадисал руго. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Щив чи вугониги рузман къоялъ радал, мунагьазда ракIги бухIун, лъабцIул гьал рагIаби абун: «Астагъфируллагь ллязи ла илагьа илла гьувал хIаййя къаййума ва атубу илайгьи», Аллагьас гьесул мунагьал чурула, ралъдал полопгIан гIемерал ругониги.

Свалат-салам лъеяв Аварагас (с. т. гI. в.) хIадисалда абун буго: «Цояв ваккизе диналъул вац ани, гьев гьесда аскIов гIодов чIараб мехалда рахIматалъулъ тIерхьунила. Радал гIуж бугони, лъабкъоялда анцIазарго малаикас гьесде свалат битIулила бакъанилъизегIан, бакъанида мех бугони – рогьинегIан битIулила»

# Разият Ахмедовна: «Учитель учит учиться»

(Ко дню информатики)



4 декабря отмечают особый праздник все любители науки об информации, о способах ее получении, хранения, накопления, передачи и защиты. К этому дню мы решили взять интервью у молодого педагога Унцукульской средней общеобразовательной школы №2 – Хайбулаевой Разият Ахмедовны.

**- Здравствуйте, Разият Ахмедовна. Начнем с вопроса почему вы выбрали путь учителя? Профессия эта нелегкая. Немало смелости нужно, для того чтобы стать педагогом. Может, кто-то повлиял на Ваш выбор?**

- Каждому человеку хотя бы раз в жизни приходилось, наверное, отвечать на подобные вопросы. Я отвечу так, в выборе данного рода деятельности большую роль сыграли мои родители и классный руководитель Магомедова Патимат Исмаиловна. Она привила во мне любовь к естественным наукам. Благодаря своему педагогическому таланту, она научила меня разбираться в азах этого сложного предмета. Методика ее преподавания, способы подачи и представления информации, поселили в моем сердце любовь к предмету и интерес к его дальнейшему изучению. Поэтому я и стала «скульптором» детских умов.

**- Почему именно информатика?**

- Информатику преподают в школе с 1985 года. За это время его содержание получило значительное развитие и полностью изменило первоначальное представление о его роли в системе школьных предметов. В годы моей учебы в ВУЗе не готовили учителей только по информатике. Она была второй специальностью, которая стала для меня первой.

**- Как проходят уроки информатики в вашей школе?**

- Уроки, это такой процесс, который не останавливается. Приходишь на урок, видишь горящие глаза учеников и понимаешь, что они с нетерпением ждут твоего урока и им интересен твой предмет. А на уроках мы учимся быть грамотными пользователями сети, знакомимся с базовыми программами, изучаем алгоритмы, системы счисления.

**- А как вы относитесь к применению интерактивных методов в проведении уроков?**

- Интерактивное обучение - это диалоговое обучение. В общении пробуждается интерес у учащихся, повышается точность восприятия информации, формирует у обучающихся мнения и отношения, жизненные навыки …

Учитель побуждает обучаемых к самостоятельному поиску информации и к способности самообразованию. Учитель учит учиться.

**- Какие у Вас отношения с детьми? Скорее дружеские или все-таки наставнические?**

- Однозначно ответить на этот вопрос нельзя, потому что все должно быть в меру. К каждому поколению нужно найти индивидуальный подход. Чтобы найти подходящий «ключ» к познанию ученика младших классов, нужно рисовать в сознании ребенка портрет учителя-родителя, а к старшеклассникам более доверительные отношения.

**- Спасибо вам за интересную беседу Разият Ахмедовна, и поздравляем вас с вашим праздником, желаем вам удачной работы, успехов в карьере и лучших учеников!**

**Р. КЕБЕДМАГОМЕДОВА.**

# Лъазе пайдаяб буго

* ТIанкIал лъугьараб гьумералда (пигментированный) чурун хадуб тIад лъе томаталъул сокалъулъ ччураб марлевияб салфетка, гьедин регун чIа 40-60 минуталъ. Хадуб гьумер хуле, бакъвазабе ва тIад бахе данде кколеб питательнияб крем.

* ТIонтIро бараб гьумералъе кумек гьабула гьоцIогун жубараб охцералъулъ лъеца. Гьелъул 3 ст. гьудалде тIе стакан гьаларaб лъел, гIодобе буссине те 3 сагIаталъ, цIуй ва гьорлъе I гьуд гьацIул жубай, цоцалъ босизегIан багъаре. Чурун хадуб бацIе гьумер бакъвазегIан. Бахе тIад лъугьараб лъамалъи ва бакъвазе те. 30 минуталдасан гьумер чуре рукъалъул температураялъул лъеца.

* Гьурмада чIвараб рокьукъаб кьер бигьаго бахъула помидоралъул маскаялъ. КIудияб барщараб помидоралъул хъал бахъе ва тIеренал горал гьарун къотIе, 20 минуталъ гьурмада лъе. Хадуб гьогьомараб лъеца чуре.

**ЛЪАЗАБИ**

I995 соналъ Балахьуни къасисеб школалъ Имангъазалиев МухIамад ГIабдулкъасимовичасул цIаралда I995 соналъ кьураб, № 278696 бугеб аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

Врачазе баркала

# Унсоколо районалъул больницаялде

ХIалакараб унти хIеккинабулел,
ХIалимал медиказ кодой босараб,
Анищалде ккураб ишан дурусай
ГIайшат МухIамадовалъ нухмалъи кьолеб.
ГIемер бицунебни рагIун букIана
Унсоколо бугеб больницаялъул,
Гьенир хIалтIулезул сабру-нухалъул
Кибго гьечIеб г1адаб рацIцIалъиялъул.
Гьале терапия, врач РабигIат
Намусал ясазул гIедерал ишал,
Унтуца кIвекIулев херав унтарав
Хехаб кумекалъе тIаделъарал гьал.
Унта-щокълъиялде данде кколеб квен
Кваназе ахIулел санитаркаби,
Щибго бицинчIого пикру гьабуни,
Цо гIумрудул магIна буго гьанибги.
Гьарурал ремонтал, алжан гIадаб бакI
Унтаразул къимат рехичIеб букIон,
Шабашка кьолареб, намус цIунараб
Чиїьигун гIаданлъи гIодой рехичIеб.
ХьахIаб халгIаталъул къадруги цIунун
ХIурматгун къулула нуж унтаразде,
Гипократил гьаялъе ритIухьго хьвадун
Къадруялда руго нуж тIалъиялда.
Камилаб хIалтIуде тIаде ракь хьвалел
Нужер гIарзачагIи гIоралъ росаги,
Халкъалда ракI бугел басра гьарулел
Гьел гьорол чуязда чангитал раги!
Унтаралги-хьулги къабул гьаризе
Гьал рорхатал гьундул къалъун хутIаги,
Гьезул къварилъаби ричIчIулеб куцалъ
Каранлъ ракIги бохун нужги хутIаги!

**I палата**
**Унсоколоса ХIали, Саният, Балахьуниса ХIалимат, Гьарадерихьа Жамилат**
**2 палата**
**Генуса Жавгьарат, Унсоколоса Сакинат, Сакинат Якъубова, Аминат**

# ГьитIичазул нашидазул сордо



ГIашилтIа бугеб ясли-ахикь бусурбабазул РабигIул-аввал моцIалъул хIурматалда тIобитIана нашидал ахIилъул сордо. Гьеб гIуцIана тарбия кьолей чIужу С. Дарбишевалъ,музыкалияй нухмалъулей ГI. МухIамадовалъ, ва культурияб Рукъалъул искусство бачуней Р. Хасбулатовалъ

Гьеб тадбиралда хIурматиял гьалбаллъун рукIана росдал администрациялъул бетIер М. ХIусейнов, росдал имам М-ГI. Маликов, «Инсан» кумекалъулаб фондалъул вакил ГI. Аминов, лъай кьеялъул рахъалъ вакил Ш. МуртазагIалиев. Ясли-ахикь тарбия щолез лъикIаб программа хадурун бугоан. Гьез ахIана нашидал, цIалана хирияб Къуръаналдаса аятал, эбел-инсуе гIуцIун рукIана къецал. Ахиралда лъималазе кьуна сайгъатал.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 5. 12. 18 г. 16. 30
фактически -16. 50 мин.
……………………………………
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.